



# Inkuru zerekeye Coronavirus (COVID-19) n'amashuri – inkuru ku bavyeyi n'abanyeshuri

Amareta yose ya Australia – yunze ubumwe, igihugu n'intara – baremeza akamaro k'indero kandi bariyemeje gushigikira ukwiga kw'abanyeshuri muri iki gihe cose c'ikiza ca COVID-19.

Amareta y'ibihugu n'intara hamwe n'abategetsi b'ibisata vyigenga ni bo baraba ibikorwa umusi ku musi hamwe no gufata ingingo ku mashuri yabotate. Ku zindi nkuru zerekeranye n'ukugene amashuri mu karere ubamwo ariko arifata ku bijanye na COVID-19 usabwe kwinjira mu migenderanire na n'ishuri yawe ubwa mbere, kandi ukurikire impanuro y'igihugu cawe canke reta yo mu micungararo. Ibintu vyerekeranye n'indero ku ma website y'amareta n'uturere uzisanga ngaha hepfo:

[Australian Capital Territory](#)  
[New South Wales](#)  
[Northern Territory](#)  
[Queensland](#)  
[South Australia](#)  
[Tasmania](#)  
[Victoria](#)  
[Western Australia](#)

Amareta y'ibihugu n'intara yaremeye yuko ingingo zerekeranye n'ingene bokwifata muri iki gihe ca COVID-19 mu mashuri ko bategerezwa guhabwa inkuru no kumenyeshwa n'abahinga babimogoreye, abategetsi babifitiye uburenganzira, abajewe amagara y'abantu ku rwego rw'igihugu, hamwe n'impanuro ziva mu bushikiranganji bw'indero.

## Kugabanura ukwandukizanya COVID-19 mu mashuri

Igenekerezo rya **24 Ndamukiza 2020**, umurwi mukuru wo muri Australia ujejwe gukingira magara y'abantu (AHPPC) warasohoye impanuro yerekeranye n'amagara y'abantu [health advice](#) ku bijanye n'ukugabanura akaga ko kwandukizanya no gukwiragiza COVID-19 mu mashuri. Izi mpanuro zifadika zateguriwe abarongozi b'amashuri bakorana n'abana, abavyeyi n'abigisha hamwe n'abandi bakozi bo ku mashuri kugira ngo hagabanuke kurushiriza ukwkwiragizwa n'ukwandukizanya Coronavirus (COVID-19) kw'ishuri muri iki gihe c'ikiza ca COVID-19.

Mu nca make mu vyo ukwiye kwitwararika harimwo:

- **Ku bavyeyi:** iyo umwana wawe arwaye, ntibakwiriye kuja kw'ishuri. Mutegerezwa kubagumiza I muhira kandi mukabatandukanya n'abandi. Mwibuke kugumizaho uguhana inta hagati y'abandi bavyeyi n'abigisha igihe cose bagiye kw'ishuri, harimwo n'igihe baba bajanye abana kw'ishuri n'igihe bagiye kubacura.

- **Ku bana:** bwire abavyeyi banyu abarezi banyu canke abigisha banyu nimba mwumcva yuko murwaye mutamerewe neza.
- **Ku bigisha:** ntimuzoze ku kazi nimba murwaye canke muri mu murwi wa ba magara make.
- **Ku bakuze:** ukwandukizanya gukomeye mu karere k'ishuri guca mu bakuze. Ni ngirakamaro cane yuko abigisha n'abavyeyi bose baguma bahana inta hagati y'umuntu n'uwundi kw'ishuri.

## Isuku

Abanyeshuri baributswa:

- Gukaraba amaboko yabo bakoresheje isabuni n'amazi imbere n'inyuma y'ukurya hamwe n'inyuma y'ukuja kwihagarika.
- Gukoresha ka kantu gakura imigera ku maboko.
- Kororera mu kwaha kandi wasamurire mu kwaha canke mu gakaratasi koroshe (ntiwasamurire mu maboko yawe).
- Shira ako gakaratasi koroshe wakoresheje haba mu kwimyira, mu kwasamura no mu gukorora mu gaseke kagenewe gushira mwo ubucafu uhejeje kugakoresha maze uce ukaraba amaboko yawe.
- Ugerageze kutikora mu maso no ku zuru , no ku munwa.
- Ntufatanye amaboko, canke ngo uhane yambu n'abandi.
- Gerageza guhana inta hagati y'umuntu n'uwundi.
- Mwirinde gutonda umurongo.
- Gerageza kurondera kuvugana n'abandi nimba wumva uhagaritse umutima.

## Ivyategekanijwe vyo ku mashuri makuru no kwandikwa mu mashuri ya kaminuza

Italiki ya 7 Ndamukiza 2020, abashikiranjanji b'indero b'ibihugu n'intara baremeye yuko abanyeshuri bo mu mashuri yisumbuye (abanyeshuri bo mu mwaka wa 12) bazoshobora guheza baronse icete c'umutsindo c'uko bahejeje amashuri yisumbuye uyu mwaka, kandi ko urwo rupapuro rw'umutsindo ruzobaha uburenganzira bwo kuja muri kaminuza, n'ayandi mashuri yo hejuru y'ayisumbuye, hamwe no kuronka akazi.

## NAPLAN

Italiki ya 20 Ntwarante 2020, abashikiranjanji b'indero bafashe ingingo yuko NAPLAN itazobandanya mu mwaka wa 2020. NAPLAN yari yateguye kuzokorwa guhera italiki 12 gushika 22 Rusama 2020.

Ingingo yo kutazobandanya ya NAPLAN mu mwaka wa 2020 yarafashwe kugira ngo bafashe abarongozi b'amashuri, abigisha hamwe n'abakozi bakora ku mashuri ko bakwiye gushimangira ukubaho neza kw'abanyeshuri hamwe n'ukubandanya kwiga.

NAPLAN ni ikibazo gitangwa ku gihugu cose gisuzuma ubumenyi bw'abanyeshuri mu bice bitatu vyerekeranye n'indome—gusoma, kwandika n'ukuganira mu ndimi (kuvuga indome zigize amajambo, indimburu, n'ibimenyetso vyo vyerekana ingene ururimi rumeze)—hamwe no mu biharuro. Amashuri mu bihugu vyose no mu ntara zose barakoresheje NAPLAN mu kwezi kwa Rusama mu myaka yose guhera mu mwaka wa 2008.